



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 04/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK WARNER BROS. PICTURES ANONSE KE FIM OCEAN'S 8
KI GEN POU VINI AN KÒMANSE TOUNAJ YO NAN ETA NEW YORK**

Pwodiksyon an Pral Kreye Dè Santèn Pòs Travay ak \$60 Milyon nan Depans Dirèk

***Dènye Pati Gwo Pwodiksyon Seri "Ocean's" yo Gen Ladan Aktris Fanm yo Ki
Enkli Sandra Bullock, Cate Blanchett, Mindy Kaling, Rihanna ak Anne Hathaway***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ansanm ak Warner Bros. Entertainment, Inc. te anonse jodi a ke *Ocean's 8*, ki se dènye pati gwo pwodiksyon seri *Ocean* yo, ap filme nan Eta New York. Tounaj yo fèk kòmanse nan Vil New York epi yo prevwa ke l'ap rapòte plis pase \$60 milyon nan depans dirèk, kreye omwen 250 pòs travay epi bay yon adisyonèl 2,200 lòt an ekstra.

"New York se kè endistri divèstisman an epi li kontinye atire pi gwo pwodiksyon yo ki kreye aktivite ak opòtinite ekonomik," **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwodiksyon fim enteresan sa ki gen aktris sèlman pral kreye dè santèn pòs travay, li pral jenere dè milyon dola nan enpak ekonomik, epi konstwi pi plis endistri fim lan k'ap fleri nan Empire State."

Michael Walbrecht, ki se Vis Prezidan, Afè Piblik, Warner Bros. Entertainment Inc., te deklare, "New York se yon eta enkwayab pou tounaj yo, alafwa sou plan vizyèl ak sou plan lojistik. Nou te etabli istwa nou nan ak alantou Vil New York, epi nou pa ta vle pou nou te lòt kote pou kaptire aparans ak sansasyon yon vil distenktif konsa."

Howard Zensky, ki se Prezidan, CEO & Komisè Empire State Development, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou akeyi ekip ak tounaj *Ocean's 8* ki ranpòte prim yo sezon otòn sa. Pandan l'ap kontinye ajoute sou reyisit enpak endistri ane pase a de plis pase \$3 milya, fim sa se yon gwo ajou nan gwoup pwodiksyon tounaj ekselan yo isit la nan Eta New York."

Marcy Armory, ki lokalize nan Williamsburg nan Brooklyn, sèvi kòm baz lokal pwodiksyon an. Konstwi an 1883, National Guard Armory ki mezire 165,166 pye kare a li te etablisman pou fim notab tankou, *Noah* ak *Spiderman 2*, epi kontinye estimile aktivite ekonomik epi jenere revni pou eta a antan ke destinasyon pou fim, pandan l'ap sèvi tou kòm espas kominotè ki disponib pou yon varyete itilizasyon pou lokasyon.

Pwogram Kredi Enpo Fim New York lan te idantifye pa yon seri pwodiksyon fim enpòtan ak seri televize kòm yon faktè desizif lè y'ap chwazi pou filme fim yo nan eta a. Depi kòmansman Pwogram lan, 1,501 pwojè fim ak televizyon te anboche plis pase yon milyon nouvo anplwaye, epi li te jenere plis pase \$23 milya nan nouvel aktivite depans ak ekonomik yo atravè eta. Nan lane 2015 lan sèlman, yon rekò 202 pwojè fim ak televizyon te aplike pou pwogram lan, ki te estime pral jenere 188,288 nouvo pòs travay ak \$3.05 milya dola nan nouvo depans atravè eta a. Ane sa, 168 nouvo pwojè gentan ap patisipe nan pwogram lan, epi anboche prèske 186,925 nouvo anplwaye nan dis premye mwa yo an 2016.

Kèk Enfòmasyon sou Biwo Gouvènè Eta New York pou Devlopman Fim Sinema ak Televizyon

Biwo Gouvènè Eta New York pou Devlopman Fim Sinema ak Televizyon an (New York State Governor's Office for Motion Picture & Television Development), yon depatman nan Empire State Development lan, ofri pwodiksyon fim, televizyon ak piblisite ak kredi enpo apre pwodiksyon pou depans yo otorize nan Eta New York. Biwo a sèvi tou kòm yon koneksyon ant konpayi pwodiksyon ak otorite vil ak lokal, ajans eta, yon rezo kontak nan tout eta a, biwo film lokal ak espesyalis eklerè ak rejisè pwofesyonèl. Pou plis enfòmasyon sou tounaj nan Eta New York yo oswa Pwogram Kredi Enpo Pwodiksyon Fim ak Apre Pwodiksyon Fim yo, ale sou www.nylovesfilm.com.

Enfòmasyon sou *Ocean's 8*

Gary Ross pwodiktè fim ki te nonmen nan Oscar yo, li te dirije *Ocean's 8* apati de yon sèn ke li te ekri ak Olivia Milch. Fim lan gen atis ki te ranpòte Oscar yo Sandra Bullock, Cate Blanchett ak Anne Hathaway, Mindy Kaling, Sarah Paulson, Awkwafina, ak Rihanna ak nomine Oscar Helena Bonham Carter. Steven Soderbergh ap pwodwi, ansanm ak Michael Tadross, Susan Ekins, Sandra Bullock, Diana Alvarez ak Bruce Berman pwodiksyon ekzekitif, epi Olivia Milch ko-pwodiksyon. Yo prevwa fè sòti fim lan nan sezon ete 2018 epi li pral distribiye nan lemond antye pa Warner Bros. Pictures, yon Konpayi Divètisman Warner Bros. (Warner Bros. Entertainment Company), ak sou tèritwa ki chwazi yo pa Village Roadshow Pictures.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418